# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु झांसी पहुंचलें। ओइजा उहां के विद्या भारती पूरबी उत्तर प्रदेस की ओरि से आयोजित छत्तीसवां क्षेत्रीय खेलकूद समारोह–दुइ हजार पचीस में हिस्सा लिहलीं। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला इग्यारह बरिस में प्रधानमंत्री के अगुआई में खेल अउर खेलकूद प्रतियोगिता के बढ़ावा देवे बदे कई गो अभियान सुरू भइल हौ। केन्द्र अउर राज्य सरकार की ओरि से खेलिनि के संवर्धन के कोसिसन क जिकिरि करत मुख्यमंत्री कहलें कि अब खेल अपने आप में एगो सर्वांगपूर्ण जीवनपद्धति बनि चुकल हवें। मुख्यमंत्री झांसी में एगो मिनी स्टेडियम के स्थापनो क घोसणो कइलें।

**हमे एक चीज देखने को मिली कि अगर यहां पर कोई मिनी स्टेडियम बने तो उसको और अच्छे ढंग से इस प्रकार की प्रतियोगिताओं को आगे बढ़ाने में मदद मिलेगी। हम लोग राज्य सरकार की ओर से यहां पर एक मिनी स्टेडियम भी बनाएंगे। इससे आने वाले समय में इस प्रकार के कार्यक्रमों को आगे करने में और बेहतर तरीके से उन्हें सम्पन्न करने में मदद मिल सके।**

मुख्यमंत्री आजु जालौनो पहुंचलें। ओइजा उहां के कई गो लोक कल्याणकारी परियोजनन क सौगात दिहलीं।

**********

देस क वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण अपने अजोध्या दौरा के दुसरका दिन्ने आजु परिवार के साथे श्रीराम मंदिर में दरसन–पूजन कइलिनि। उहां के मंदिर में आयोजित मंगला आरतियो में हिस्सा लिहलीं।

**********

अगिला महिन्ना के पचीस नवम्बर के बादे सरधालुअन के अजोध्या के श्रीराम मंदिर के पूरा परिसर में प्रवेस क अनुमति दीहल जाई। ई जनकारी मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क एगो खास बइठकी के बादे दिहलें। उहां के बतवलीं कि मंदिर निर्माण अब आखिरी फेरा में पहुंचि चुकल बा। पचीस नवम्बर के पूरा दुनिया के मंदिर निर्माण के पूर्णता क आभास होई।

**********

प्रदेस के कानपुर सहर में काल्हि संझा मूलगंज कोतवाली के मिश्री बजारि इलाका में एगो दोकानि के लग्गे दुइ गो स्कूटी में भइल बिस्फोट के घटना में पुलिस कार्रवाई तेज हो गइल बा। कानपुर पुलिस कमिश्नर सोसल मीडिया के जरिये बतवलें कि येह घटना में कुलि आठ लोगि परभावित भइल हवें। एगो रिपोर्ट

***कानपुर पुलिस कमिश्नर के सोशल मीडिया एक्स हैंडल के जरिए बताया गया है कि घटना के बाद पुलिस द्वारा त्वरित कार्रवाई करते हुए फायर ब्रिगेड, बॉम्ब डिस्पोजल स्क्वॉड व फॉरेंसिक टीम के साथ सर्च एंड सीजर ऑपरेशन चलाया जा रहा है। तलाशी के दौरान एक गारमेंट्स दुकान सहित कई स्थानों से भारी मात्रा में अवैध पटाखे व सुतली बम बरामद हुए हैं। कुछ व्यक्तियों को हिरासत में लेकर पूछताछ की जा रही है तथा दोषियों के विरुद्ध सख्त कार्रवाई की जाएगी। प्रारंभिक जांच में यह बात सामने आई है कि क्षेत्र में अवैध रूप से पटाखों का भंडारण व बिक्री की जा रही थी। इस संबंध में लापरवाही बरतने वाले विभागीय कार्मिकों की भी जांच की जा रही है। पुलिस द्वारा पूरे क्षेत्र में सघन जांच व तलाशी अभियान जारी है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल आजु नई दिल्ली में तंबाकू मुक्त युवा अभियान के तिसरका फेरा क सुभारम्भ कइलीं। येह मौका पर उहां के कहलीं कि देस के नौजवानन क एगो बड़हन हिस्सा तंबाकू के लत से परेसान बा।

***किसी भी तरीके से, किसी भी स्वरूप में एक तम्बाकू के उत्पाद के प्रमोशन या उसके एड्वटाइज इसको भारत सरकार ने प्रतिबंधित किया हुआ है। यह सारे प्रयास इस लिए हैं कि हम अपने युवा पीढी को बचा सके। माइर्नस के बीच में जो 18 साल के कम उम्र के बच्चे हैं उनको तम्बाकू के उत्पाद नहीं बेचे जा सकते। यह सारे प्रयास हमने किए हैं। जो हमारे विद्यालय है, स्कूल्स हैं उनके सौ मीटर की दूरी में ये जो तम्बाकू के प्रोडेक्स हैं वह नहीं उपलब्ध हो सकते हैं।***

**********

यूपी इंटरनेशनल ट्रेड शो–दुइ हजार पचीस के तरियन राज्य के सज्जो जिलन में आजु से अठारह अक्टूबर के बिच्चे स्वदेसी मेला क आयोजन कइल जा रहल हौ। येही क्रम में कुशीनगर जिला में ओइजा क सांसद विजय कुमार दुबे आजु येह मेला क उद्घाटन कइलें। हमरे कुशीनगर प्रतिनिधि बतवलें कि स्वदेसी मेला में स्थानीय कारीगर, महिला स्वयं सहायता समूह अउर नौजवान उद्यमियन की ओरि से बनावल गइल स्वदेसी उत्पादन क बिकिरी आ परदरसन कइल जा रहल बा। गोरखपुर में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने येह मेला क उद्घाटन करिहें। उद्घाटन कार्यक्रम के तइयारी देखे बदे ओइजा क जिलाधिकारी दीपक मीणा आजु मेला वाले जगहि क निरीक्षण कइलें।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में पनरह अक्टूबर ले मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से पूरबी उत्तर प्रदेस के दक्खिन–पूरबी इलाका में आजु कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बौछार परले अउर बरखा भइले क सम्भावना बा।

**********